



Pou Piblikasyon Imedya: 21/08/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE YON PATENARYA K AP FÈT POU PREMYE FWA NAN NASYON AN ANT YON ETA AK ÒGANIZASYON NASYONAL POU AGRANDI INISYATIV GRAS GRATIS KI DEJA AP MACHE A

Eta a fè patenarya avèk Asosyasyon Nasyonal Avoka ki Espesyalize nan Dwa Kriminèl yo, Fanmi Kont Pèn Minimòm, ak lòt òganizasyon pou agrandi kapasite ofri moun k ap fè demann gras yo asistans jiridik gratis

Jodia a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse yon patenarya k ap fèt pou premye fwa nan nasyon an ant yon eta ak yon kowalisyon òganizasyon jiridik pou agrandi pwogram gras gratis (pro bono clemency) New York la.

Patenarya sa a avèk Asosyasyon Nasyonal Avoka ki Espesyalize nan Dwa Kriminèl yo (National Association of Criminal Defense Lawyers, NACDL), avèk soutyen Fondasyon pou Jistis Penal la (Foundation for Criminal Justice, FCJ), Fanmi Kont Pèn Minimòm (Families Against Mandatory Minimums, FAMM), ak lòt òganizasyon pran egzanp sou yon pwogram federal ki t ap mache men ki vin sispann depi administrasyon Trump la. Nouvo patenarya sa a agrandi anpil inisyativ gras Gouvènè a ki te fonde an 2015 epi ki te ofri moun ki gen kazye jidisyè oswa ki fèmèn nan prizon eta a sèvis petisyon pou gras gratis.

“Òganizasyon sa yo ki rekonèt nasyonman deja reyisi ede moun ki nan prizon jwenn resous yo bezwen yo pou fè demann gras, plede anfavè reyabilitasyon yo ak gen opòtinite kontribye nan sosyete a ak re-antre ladan”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Mwen fyè fè patenarya avèk yo pou agrandi travay administrasyon sa a ak patnè li yo ak fè yon pa anplis nan direksyon yon New York ki pi jis ak pi konpatisan pou tout moun.”

Gras a angajman plis avoka benevòl, patenarya sa a pral pote regilyèman demann gras wot kalite pou Biwo Avoka Gouvènè a (Governor's Counsel's Office) pase an rev. NACDL pral travay avèk Biwo Gras Egzekitif la (Executive Clemency Bureau) pou idantifye mou ki merite yon dezyèm chans, epi fè gras vin yon reyalite pi aksesib ak konkrè nan New York.

Gouvènè a te lanse inisyativ egzamen gras li a an 2015 avèk asistans Asosyasyon Bawo Vil New York la (New York City Bar Association), Asosyasyon Avoka Konte New York yo (New York County Lawyers Association), Asosyasyon Bawo Eta New York la (New York State Bar Association), Sosyete Èd Jiridik la (Legal Aid Society), Sèvis Jiridik pou Prizonnye New York la (Prisoners' Legal Services of New York) ak Asosyasyon Avoka ki Espesyalize nan Dwa Kriminèl (Association of Criminal Defense Lawyers) Eta New York la ak lòt òganizasyon eta. Gouvènè Cuomo ap fè yon egzamen atantif ak global demann gras yo epi asistans avoka benevòl sa yo ofri a pèmèt yon ogmantasyon nan kantite petisyon solid Gouvènè a gen pou pase an rev. Gen twa moun ki te gen avoka benevòl ki te reprezante yo nan kad pwogram nan ki te resevwa gras an 2016.

Yo idantifye apeprè 1,700 kandida potansyèl pou gras nan kad pwogram sa a epi nouvo patenarya sa a avèk New York pral ogmante kantite avoka benevòl nan inisyativ la pou plis kandida ki nan bezwen kapab jwenn asistans.

Nan kad pwogram federal ki vin aboli kounye a, ke Administrasyon Obama a te lanse an 2014, òganizasyon sa yo te fòme prèske 4,000 avoka benevòl ki te sòti nan diferan kabinè epi li te fè seleksyon plis pase 36,000 prizonnye federal ki t ap mande asistans benevòl.

Pou plis enfòmasyon sou Pwojè Gras Eta NACDL/FAMM nan (NACDL/FAMM State Clemency Project), sa gen ladan kijan pou w enskri kòm benevòl, al sou sit wèb pwojè a, <https://stateclemency.org>.

Malgre moun ka fè demann pou gras san asistans yon avoka, asistans nan men yon avoka benevòl ap amelyore kalite demann yon prizonnye epi pi byen plede devan Gouvènè a.

Depi 2011, Gouvènè Cuomo atenyè santans 10 moun, epi akòde 114 moun padon nan kad yon ajenda gras chaje k ap chèche idantifye moun ki demontre reyabilitasyon ak devlopman pèsònèl ki ekivo a yon chanjman toutbon nan karaktè oswa sikonstans depi anprizònman an, pou ede garanti gras vin yon reyalyte pi aksesib ak konkrè. Li te sèvi avèk pouvwa padon li an pou ofri pou premye fwa nan nasyon an mezi reparasyon pou Nouyòkè ki kondane poutèt deli oswa krim non-vyolan a 16 oswa 17 an ki pa komèt krim depi dis lane, lè li te akòde plis pase 100 Nouyòkè premye padon sou kondisyon yo an Desanm 2016.

Moun ki enterese aplike pou klemans yo ta dwe vizite sitwèb klemans Gouvènè Cuomo an: www.ny.gov/clemency. Sitwèb la se yon resous santral pou moun k'ap chèche jwenn plis enfòmasyon konsènan klemans, kondisyon pou kalifikasyon, ak pwosesis aplikasyon an, ansanm ak fason pou soumèt dokiman aplikasyon yo yon fason elektwonik. Yo ankouraje manm fanmi ak zanmi moun k ap pije santans prizon pou yo ale sou sit entènèt la epi aplike pou gras onon manm fanmi yo oswa zanmi yo.

Norman Reimer, Direktè Egzekitif NACDL, te deklare, “NACDL fyè travay avèk patnè

li yo, Fondasyon pou Jistis Penal la (FCJ) ak Fanmi Kont Pèn Minimòm (FAMM), nan yon efò kowòdone pou rekrite, fòmè, ak soutni avoka benevòl pou tout prizonye ki fè demann gras yo. Nou salye Gouvènè Cuomo ak administrasyon li an poutèt yo rekonèt moun kapab rachte ak reyabilite, epi gen dwa merite yon nouvo kòmansman nan lavi a.”

Bret Parker, Direktè Egzekitif Asosyasyon Bawo Vil New York la, te deklare, “Asosyasyon Bawo Vil New York la pa ka tann pou li kontinye travay avèk biwo Gouvènè a sou inisyativ onorab sa a ki trete prizonye yo tankou moun ki nan anpil ka merite yon dezyèm chans. Nou byen kontan patisipasyon NACDL la nan senplifikasyon pwosesis la pou tout pati ki konsène yo.”

Jennifer L. Van Ort, Direktè Egzekitif Asosyasyon Avoka ki Espesyalize nan Dwa Kriminèl Eta New York la, te deklare, “Lè nou travay avèk kòlèg nou yo nan gouvènman eta a, nou kapab ofri moun ki nan prizon New York yo asistans jiridik gratis pi efikas. Patenarya sa a se yon agrandisman nou byen kontan genyen nan pwojè ki te la deja a, poutèt li pral mete plis avoka ansanm avèk kandida ki pa gen resous pou peye pou yo reprezante yo. Avèk plis fòmasyon, konsèy, ak aksè elektwonik a enfòmasyon kliyan yo, patenarya sa a pral ede manm nou yo pi byen reprezante kandida ki korije ak reyabilite yo nan pwosesis Eta a pou fè demann gras la. Mwen remèsye Gouvènè a poutèt li agrandi pwogram sa a k ap mache ak dèske li se yon patizan devwe Nouyòkè ki nan prizon yo.”

David Loftis, Avoka ki Responsab Litij Apre Kondanasyon (Attorney-In-Charge of Post-Conviction and Forensic Litigation) nan Sosyete Èd Jiridik la, te deklare, “Sa fè nou plezi travay avèk biwo Gouvènè a sou ka gras yo. An patikilye, nou satisfè dèske, pandan ane ki sot pase a, Gouvènè a atenye santans kandida ki te merite sa epi ke Sosyete Èd Jiridik la ak patnè benevòl nou yo te reprezante. Nou te anchante aprann NACDL ap vin jwenn nou nan efò gras la, epi Sosyete Èd Jiridik la pa ka tann fè patenarya avèk yo pou atire atansyon Gouvènè a sou kandida ki merite yon dezyèm chans yo.”

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418